



VIV BYEN AVÈK

Endepandans

LAKAY



Mystic Valley
Elder Services

Misyon Non

Pou sipòte dwa moun aje yo ak granmoun ki andikape pou yo viv ak endepandans yo epi diyite nan yon anviwònman ke yo chwazi nan ba yo ansanm ak founisè swen yo enfòmasyon, konsèy ak aksè a bon jan kalite sèvis ak resous.



MVES.ORG

YON GID POU PWOGRAM AK SÈVIS YO NAN MYSTIC VALLEY ELDER SERVICES

ENFÒMASYON AK OPTIONS KONSÈY

Espesyalis enfòmasyon nou yo ak konsèy opsyon nou yo ka reponn kesyon ou genyen yo epi ba ou bonjan enfòmasyon. Yo ofri konsèy gratis ak referans ki soti nan baz done ki trè vas nou an nan resous lokal, eta ak nasyonal epi yo ka konekte moun ak founisè swen yo ak pi bon resous ki disponib pou satisfè bezwen yo. Konsèy Opsyon yo se yon pwosesis entèaktif gratis pou ede moun yo fè chwa enfòm sou anviwònman ak sèvis ki pi byen satisfè bezwen yo pou ede yo rete endepandan nan kominote a. Sèvis sa yo ofri an pèsòn (nan biwo a oswa lakay moun lan), pa telefòn, konferans videyo ak atravè entènèt la. Jis panse a sèvis sa yo kòm yon resous inik.



KOWÒDINASYON SWEN

Jesyonè swen ak enfimye yo devlope yon plan swen an patenarya avèk ou/fanmi w answit kontinye travay ansanm ofl di tan pou kontwole plan swen an, ajiste li jan sa nesese, epi asire ke sèvis nou te dakò sou yo a epi modifye yo avèk le tan. Nou travay avèk ou tou si ou transfere lakay ou soti nan yon lopital, enfimye kalifye oswa yon etablisman reyabilitasyon.

SWEN LAKAY

Pwogram lan bay aksè a yon varyete sèvis ki santre sou konsomatè pou moun aje ak granmoun ki gen andikap ki vle rete lakay yo. Sèvis yo gen ladan yo evalyasyon nan kay la, ak livrezon sèvis ki baze sou kominote ak anndan kay li baze sou plan swen ou tankou asistans swen pèsònèl, nitrisyon, transpò, travay nan kay, lesiv, fè makèt, sante mantal ak sipò sosyal



NITRISYON

Sèvis repa ki sen ak satisfèzan tankou repa ki delivre lakay ou ki gen ladann repa terapeitik ak divès kalite etnisite, sipleman nitrisyonèl, konsèy sou nitrisyon pou sipòte yon bon kalite lavi, ak pwogram restoran kote moun aje kapab jwenn aksè a manje midi nourisan nan yon anviwònman kominotè.



SIPÒ FOUNISÈ SWEN

Pwogram lan bay enfòmasyon, sipò ak konsèy pou ede founisè swen yo adrese bezwen espesifik swen yo. Yon founisè swen ki gen anpil fòmasyon pral travay avèk ou tèt a tèt pou l ofri konsèy ak sipò ak tan sipleman ak atansyon ke w merite. Resous ki fèt pou founisè swen yo gen ladan l evalyasyon lakay ou, gwoup sipò, ak edikasyon founisè swen yo nan domèn tankou pèt memwa ak sekirite lakay ou. Soulajman nan travay bay swen disponib tankou konpayon, sante pou granmoun pandan lajounen ak lòt sèvis sipò. Aksè a sèvis nan Swen Lakay yo disponib tou pou founisè swen yo.



MVES.ORG

KONTAKTE NOU JODI A POU YON KONSILTASYON GRATIS! NOU LA POU EDE.

PWOGRAM POU W VYEYI AN SANTE

Pwogram pou Vyeyi an Sante ki ofri atelye ki baze sou prèv pou anseye moun sou prevansyon ak jesyon maladi kwonik ak lòt enkyetid sante ak byennèt. Pwogram yo ofri alafwa vityèlman ak an pèsòn.



KONSÈY SOU BENEFIS SANTE (SHINE)

Konseye SHINE ki antrene (Sèvi Bezwen Asirans Sante pou Tout Moun) bay moun konsèy konfidansyèl gratis, konsèy konfidansyèl ak enfòmasyon san patipri sou zafè Medicare, Medicaid, asirans sante, ak opsyon medikaman ak preskripsyon.



SÈVIS PWOTEKSYON


Pwogram sa a ede pwoteje sante, sekirite ak dwa legal moun ki gen 60 lane oswa plis ke yo te abize, neglije, eksplwate finansyèman, oswa ki nan risk pou domaj akòz neglijan pwòp tèt yo. Liy dirèk Abi Moun Aje nan tout Eta a: 800-922-2275

Tanpri Ede Nou

EDE LÒT MOUN

Antanke yon san-pwofi, nou depann de jenerozite moun ak finansman prive pou reyalize misyon nou epi bay yon sèvis bon jan kalite. Kèlke nan pwogram ki pi enpòtan nou yo pa resevwa ase finansman nan men gouvènman an. Ou ka ede nou nan fè yon don, sonje nou nan plan kado w ap fè alavni, ak/oswa tounen yon volontè. Atravè kado tan ou nan tounen yon volontè, ou ede amelyore sèvis nou yo nan ofri yon koneksyon pou anpil moun.





SÈVI PA MYSTIC VALLEY ELDER SERVICES

CHELSEA
EVERETT
MALDEN
MEDFORD
MELROSE
NORTH READING
READING
REVERE
STONEHAM
WAKEFIELD
WINTHROP

KONSÈNAN NOU

Mystic Valley Elder Services ankouraje sante ak endepandans moun aje, granmoun ki andikape, ak founisè swen ki abite nan 11 kominote nan nò lavil Boston. Atravè sèvis dirèk nou yo, kowòdinasyon swen, ak rezo patnè biznis, ekip nou an kapab ede w jwenn sipò ke w bezwen pou viv lavi ou jan w vle l.

Depi 1975, Mystic Valley Elder Services te fè patenarya ak endividi epi founisè swen atravè rejyon Mystic Valley Massachusetts pou asire ke moun aje (ki gen laj 60 an oswa plis) ak granmoun ki gen andikap yo gen sipò ke yo bezwen pou yo viv poukont yo ak diyite. Avèk yon ekip anplwaye ki gen plis pase 300 osi byen ke plis pase 400 volontè, nou se lidè rejyon an nan sèvis abòdab ki baze sou zafè kay ak kominote a.

Sèvis nou yo swa gratis oswa yo ofri nan yon echèl frè glisman. Nou sèvi moun nan tout ras, etnisite, kilti, ak oryantasyon seksyèl. Anplwaye nou yo ka reponn apèl yo nan plizyè lang diferan epi konekte moun ki rele yo ak sèvis ki enpòtan.

Pwogram Mystic Valley Elder Services yo finanse an pati pa Biwo Egzekitif Elder Affairs.

Valè Fondamantal
NOU

Otonomize moun nan bay bon jan kalite chwa

Nou ankouraje ekselans ak inovasyon

Nou Rekrute, sipòte, ak kenbe pi bon anplwaye ak volontè yo

Nou ofri swen pwofesyonèl ak konpasyon

epi nou anbrase divèsite ak enklizyon

Nou kolabore ak konsomatè, pwofesyonèl, ak òganizasyon

Atann responsablite endividyèl nan yon anviwònman ekip

POU APRANN KÒMAN MYSTIC VALLEY ELDER SERVICES KA EDE W OSWA YON MANM FANMI VIV BYEN AK ENDEPANDANS LAKAY LI, TANPRI RELE 781-324-7705 OSWA VIZITE WWW.MVES.ORG



300 Commercial Street #19
Malden MA 02148
TEL: 781-324-7705
TTY: 781-281-8880
MVES.ORG

